

## Tèm Referans

### Defini modèl reabilitasyon ekonomik sivivan pratik restavèk la

<b>Ki kote :</b>	Nan Zòn Metropolitèn Pòtoprens
<b>Kilè :</b>	Sòti 1ye oktòb pou rive 30 desanm 2021
<b>Kontak prensipal :</b>	Guyto Desrosiers / <a href="mailto:g.desrosiers@beyondborders.net">g.desrosiers@beyondborders.net</a>
<b>Nimewo Piblikasyon:</b>	PAP/IKM/BBDF/001

#### KONTEKS

Beyond Borders / Depase Fwontyè Yo se yon fondasyon k ap travay pou kore mouvman sosyal an Ayiti. Fondasyon sa vize kore kat (4) mouvman prensipal nan peyi a : Mouvman pou libere timoun ki nan eksplwatasyon ak nouvèl fòm esklavaj ; Mouvman pou fini ak vyolans sou fanm ak tifi ; Mouvman pou tout timoun jwenn bon kalite ledikasyon ; Mouvman pou pèmèt moun soti nan povrete ekstrèm. Pou operasyonalize vizyon sa yo, Depase Fwontyè yo mete kanpe twa (3) pwogram ki se : Inisyativ Kominote Modèl Riral (IKM Riral) ; Inisyativ Kominote Modèl Lavil (IKM Lavil) ; Repanse Pouwwa. Beyond Borders / Depase Fwontyè yo gen baz li nan Jakmèl, Pòtoprens ak Lagonav, Ayiti ansanm ak yon ekip ki baze nan plizyè zòn Ozetazini ak Kanada. Li travay an kolaborasyon ak plizyè patnè atravè peyi Ayiti.

Depi lane 2012, Beyond Borders pran inisyativ pou ankouraje granmoun ki te sibi pratik restavèk la pou mete tèt yo ansanm pou yo kapab kòmanse yon pwosesis echanj ki ap mennen yo nan gerizon twoma yo te sibi ak reabilitasyon sosyal ak ekonomik yo. Pou kounya genyen yon rezo sivivan pratik restavèk la ki ap fonksyone. Nan uit (8) kominote nan Pòtoprens, sivivan yo tabli branch rezo. Yon anviwon 200 ki ap evolye nan branch yo nan Pòtoprens, pifò nan yo se fanm. Akoz yo te sibi pratik restavèk la, granmoun sa yo pamí moun ki manke zouti nan men yo pou jenere revni pou pran swen tèt yo. Se pou sa Beyond Borders / Depase Fwontyè Yo ap chache yon modèl reabilitasyon ekonomik ki mache ak pwofil sivivan pratik restavèk la.

#### I. OBJEKTIF KONSILTASYON AN

##### 1.1 Objektif jeneral:

Nan konsiltasyon sa a, konsiltan ap genyen pou defini modèl reabilitasyon ekonomik ak elabore estrateji ki ap pèmèt granmoun sivivan yo pran swen tèt yo ak fanmi yo yon fason dirab epi ki respekte diyite yo. Modèl reabilitasyon ak estrateji yo ap baze sou opòtinite ki genyen sou mache ayisyen an, pwofil sivivan yo oubyen ak eksperyans ki fèt nan lòt peyi.

##### 1.2 Objektif espesifik:

- a) Identife opòtinite ak eksperyans modèl aktivite pou jenere revni ki fè prèv yo sou mache ayisyen an.
- b) Identife epi prezante pwogram lòt organizasyon konn egzekite ki pèmèt moun ki defavorize soti nan povrete epi pèmèt yo jenere revni sou yon tan ki long espesyalman nan espas lavil.
- c) Tabli pwofil sosyo-ekonomik sivivan yo ak potansyèl yo genyen.
- d) Fè relasyon ant pwofil sosyo-ekonomik sivivan yo, potansyèl yo genyen ak opòtinite ki genyen sou mache ayisyen.
- e) Tabli yon chema entèvansyon ki marye aktivite sou tan ki kout ak sou tan ki long.
- f) Identife pwosesis jesyon organizasyonèl akonpayman pou sivivan. Defini wòl chak aktè nan chenn nan.
- g) Estime kantite lajan modèl entevansyon yo kapab koute.

## II. DESKRIPSYON JENERAL KONTRA A ak RESKONSABILITE KONSILTAN AN

Tach ak responsabilite konsiltan se fè rechèch pou atenn objektif jeneral la ak objektif espesifik ki fikse yo. Espesifikman, konsiltan an ap genyen pou :

- Soumèt plan travay konsiltasyon an ak yon kwonogram aktivite.
- Pataje alavans ak Fondasyon Depase Fwontyè yo zouti ki pral itilize nan kad rechèch sa a pou li kapab bay avi li.
- Fè analiz, dokimante rapò rechèch sou opòtinite mache ayisyen an ofri pou moun ki defavorize.
- Fè analiz dokimantè modèl pwogram ki egzekite pou retire moun defavorize yo nan povrete.
- Fè entèvyou ak moun ki genyen eksperyans nan fè rechèch sou opòtinite ekonomik ak nan egzekite pwogram ki sible moun defavorize yo.
- Chita pale ak responsab Depase Fwontye/Beyond Borders yo, Kodinasyon rezo sivivan restavèk yo pou pran konesans sou rezo a ak aktivite yo. Sa ap pèmèt konsiltan byen konprann kontèks entèvansyon an.
- Fè entèvyou ak Sivivan yo pou tabli pwofil yo.
- Analize entèvyou yo epi klase pwofil sivivan yo.
- Fe rekòmandasyon sou modèl reyabilitasyon ki cadre ak pwofil sivivan yo .
- Diskite ak sivivan yo sou rekòmandasyon yo pou jwenn reyakson yo.

## III. TRAVAY POU LIVRE

Travay rechech la dwe abouti oubyen pwodwi dokiman sila yo:

- **Yon premye draf rapò** pou reyakson avan rapò final la.
- **Yon rapò final** ki pran an konsiderasyon kòmantè aktè enplike yo te fè sou premye draf rapò a. Rapò dwe fèt nan lang kreyòl ak pwen sila yo :
  - ✓ *Rezime egzekitif*
  - ✓ *Objektif rechèch la*
  - ✓ *Metodoloji rechèch la*
  - ✓ *Pwofil sosyo ekonomik sivivan yo*
  - ✓ *Fòs ak feblès rezo sivivan nan globalite li*
  - ✓ *Opòtinite ekonomik yo ak kou entèvansyon yo*
  - ✓ *Pwogram sosyo-ekonomik ki sible moun ki pi defavorize yo ak kantite lajan pou egzekite yo*
  - ✓ *Rekòmandasyon ki cadre ak pwofil ak potansyèl sivivan yo*
  - ✓ Pataj baz done kantitatif ak entèvyou ki te reyalize nan kad rechèch la

### Anèks rapò a dwe genyen ladan:

- ✓ *Tèm referans*
- ✓ *Moun ki sibi entèvyou*
- ✓ *Enfòmasyon anplis sou metodoloji a*
- ✓ *Zouti kòlèk done ki itilize yo*

## IV. DIRE ak DAT LIMIT

- Kontra ap kòmanse apati 1<sup>e</sup> Oktòb pou fini 30 Desanm 2021.

## V. RESKONSABILITE BEYOND BORDERS/DEPASE FWONTYE YO

- Pataje ak konsiltan enfòmasyon enpòtan sou pwosesis òganizasyon sivivan yo.
- Pataje lis ak adrès kontak branch rezo sivivan yo.
- Bay konsiltan oryantasyon sou wòl li nan kòmansman konsiltasyon an.

- Fè preparasyon lojistik ki genyen ladan I tout materyèl ak ekipman konsiltan ap bezwen pou reyalize konsiltasyon an.
- Revize epi bay fidbak sou metodoloji konsiltasyon an ansanm ak zouti ki pral itilize pou kòlèk done pandan konsiltasyon an.
- Bay fidbak sou rapò inisyal ak final pandan I ap respekte kwonogram ak plan travay konsiltan te soumèt la.
- Veye tout pwen ki nan kontra konsiltasyon an respekte.
- Respekte obligasyon ki genyen nan kontra

## VI. PWOFIL KONSILTAN

Konsiltan dwe genyen kalifikasyon sa yo :

- Espesyalis nan Ekonomi (ak syans ki konekte ak li yo tankou estatistik elatriye) avèk yon aksan nan pwojè pou retire moun defavorize nan povrete.
- Genyen bon konesans sou fonksyonman ekonomi peyi Ayiti, espesyalman nan reydon metwopolitèn Pòtoprens.
- Genyen pou pi piti 3 lane eksperyans nan fè rechèch, elabore estrateji pou ede moun soti nan povrete
- Genyen bon konesans sou pwblematik gwoup majinalize an Ayiti.
- Genyen eksperyans nan reyalize etid/evalyasyon oubyen aktivite rechèch nan domèn ekonomi.
- Genyen eksperyans konfime nan kolekte done kantitatif ak kalitatif (Antretyen ak fokis gwoup).
- Bon kapasite nan tretman ak analiz done kantitatif ak kalitatif.
- Bon konesans nan itilizasyon zouti teknologik pou elabore ak kolekte done. Bon kapasite nan itilizasyon CommCare ap yon atou.
- Byen òganize, kapab travay yon fason otonòm epi ak distans.
- Li nesesè pou li pale ak byen ekri kreyòl ayisyen. Se yon diplis si postilan an pale ni angle ni Fransè.
- Disponib pou tan ki defini nan tèm referans sa a.

## VII. EGZIJANS pou PWOSESIS APLIKASYON

- Tout moun/gwoup moun ki enterèse nan konsiltasyon sa a dwe voye yon dosye konplè ki genyen:
  - a) Kourikoulòm moun oubyen gwoup moun ki fòme ekip la avèk adrès ak nimewo telefòn ak kopi pyès idantite oubyen paspò pou chak.
  - b) Yon pwopozisyon teknik ak finansyè an kreyòl epi an goud.
  - c) Dokiman ak atestasyon fiskal a jou. Si w se etranje, ou dwe prezante pyès ak atestasyon omològ peyi w egzije.
  - d) Tout pyès ak dokiman legal ki pètinan pou sèvis sa
- Voye òf ou sou imel sa a: [consultant@beyondborders.net](mailto:consultant@beyondborders.net) ak sijè imel la ki ekri: **Pwopozisyon Rechèch sou model revabilitasyon sosyo-ekonomi.**
- Dat limit pou soumèt yon aplikasyon konplè se **12 Septanm 2021**. Aprè dat sa a, okenn dosye pap aksepte.

*Beyond Borders / Depase Fwontyè yo ap fè konnen alavans pap genyen okenn konsiderasyon pou dosye ki pa konplè. Beyond Borders / Depase Fwontyè yo se òganizasyon ki ofri menm opòtinite pou tout moun. Nou ankouraje moun andikape, fanm ak lòt gwoup ki marginalize moun pou aplike pou pozisyon sa a.*